

Popular Sports

Shona transcript:

KuZimbabwe ndingati kune mitambo ine mikurumbira neisina mikurumbira. Ndingati ini mutambo wandinonyanya kufarira zvikuru ivolleyball. *Volleyball* ndingangoti inowanikwa kunzvimbo dzese dzakangowanda-wanda uye mutambo unowanikwawo kunyangwe pachikoro. Ndingati mitambo inonyanyova nemukurumbira mukati meZimbabwe ndichitarisawo inoitwa kunyangwe kuzvikoro kana kunyangwe kusiri kuzvikoro ndingati tine mitambo yakaita sana soccer inonzi iyo nhabvu. Aah nhabvu iyi ndingati ndiyo ine mikurumbira zvikuru *sanaEnglish Premier League*. Yakati siyanei nekunoku. Kuno irikowo asi haina nyanyo mbiri nekuti kuno kune American football yandingati kuZimbabwe haina mikurumbira uye vanhu havatomboite zvachose. Saka ndingati nhabvu ine mbiri zvikuru. Ndiyo imwe yemitambo inofarirwa nevanhu vachindoiona. Kune mateam akasiyana-siyana ane mukurumbira mukati meZimbabwe. Ndingati mateam amwe ane mbiri akaita sana Highlanders, vana *Dynamos, Caps United*. Ndozimwe dzemateam ane mbiri muZimbabwe uye agara ava nenguva.

Ndingati kana kuri kuzvikoro kune mitambo inowanikwa pazvikoro zvese inoita kuti vana, kunyangwe chikoro chingava chiri mutown kana kuti chingava chiri kumaruwa. Zvese zvinongowanikwawo mitambo yakadaro. Ndingati mitambo inowanikwa pachikoro kunoti nhabvu yandamboreva koita inonzi netball koita *volleyball* koita *basketball*. *Basketball* inowanikwa zvichingobva nechikoro kuti chakamira sei. *Chine macourts* achoni here? Asi ndingati mitambo yandatanga kutaura iyi ndiyo yandinganyanyoti ndiyo inonyanyova nembiri muZimbabwe. Ndingati netball ndingangoda kuienzanisa ndingati nebasketball asi chinosiyana ndechekuti kana munhu achitamba netball kana akagamuchidzwa bhora anoramba akamira. Akangofamba chete akabata bhora anobva atoridzirwa pembe obva asiya bhora. Saka vanenge vachikandirana bhora vaine kwavanenge vachida kundomwisa sematambirwo anongoitwawo *basketball*. Ahh ndingati *basketball* yava kuita ichiitawo mbiri muzvikoro zvichingobvawo. Mazuvano zvavakungoitawo zvichichinjawo, zvava kungoitawo zvichibudirira. Ah ndingatiwo futi soccer chinhuwo chakatanga chichizivikanwa semutambo wevarume chete asi mazuvano kwava kuwanikwawo kuine *women soccer even national team* inotovawo *newomen soccer*.

Aah umm koitawo kune mimwe mitambo futi zvekare ine mbiri ndingati kunoku haina nyanyo mbiri. Mutambo unonzi cricket. Mutambo uyu unemukurumbirawo weZimbabwe cricket team kana ichitambawo nedzimwe team. Vanhu vanofarira kuendawo vachindoonawo mitambo yakadaro uye mutambo unogara uchiratidzwawo kunyangwe paterevhizhoni. Vanhu vanogara vachionawo cricket kana iri munguva yekuti kunenge kuine cricket. Umm cricket ndingati yava kuitawo zvekare ichipinda muzvikoro zvichingobvawo nekuti zvikoro zvakaita sei. Zvinongobvawo nemaresources aripo kuti chikoro chinokwanisa here kuita mitambo yakadaro. Kozoti mimwe yemitambo zvekare inowanikwa sezvandamborevawo, kunyangwe vana volleyball vane maZim team.

Kozotiwo zvikoro zviya zvinenge zvakati kwirirei kwirirei zvakaita semiprivate school namamwewo asiri maprivate akaita semaA schools ne maB schools zvavakungoenderanawo, kunowanikwawo mitambo yakaita sana swimming, vana hockey, squash, tennis. Tennis yava kuita ichiita mbiri kwese kwesewo zvekare asi ndingangoti ndiyo mitambo ine mbiri muZimbabwe iyoyo yandareva.

English translation:

In Zimbabwe, some sporting activities are popular whereas some are not. My favorite sport is volleyball. Volleyball is found in many places, even in schools. The most popular sport in Zimbabwe, be it in schools or other places besides schools, is soccer, which is known as *nhabvu*. Soccer is the most popular sport, especially the English Premier League. It's quite different from here. Soccer is also found here,¹ but it's not really popular because of American football, which is not popular in Zimbabwe, and people do not even play it. So I would say soccer is very famous. It is one of those sports that people love to attend and watch. There are a variety of popular teams in Zimbabwe. The most popular teams are Highlanders, Dynamos, and Caps United. These are some of the popular teams, and they are the oldest teams.

In schools, there are sports that you always find, whether it is a school in the rural areas or urban areas. All schools have identical sports. Sports that are found in schools include soccer—which I mentioned before—netball, volleyball, and basketball. Basketball is found in certain schools, depending on the infrastructure of the school. For example, does the school have basketball courts? Besides that, I would say the sports that I have mentioned are the popular ones in Zimbabwe. Netball is like basketball. The only difference is that in netball, you are not allowed to move with the ball once you receive it. If you move while holding the ball, the whistle is blown, and you have to leave the ball. So the team will be throwing balls to each other, aiming towards the goal post where they have to score, like basketball. Ah, basketball is becoming popular in schools. Things are changing and there has been development. Ah, also soccer was known as a sport for men, but nowadays we have women's soccer. We even have a national team for women's soccer.

Aah, umm, we also have sports that are popular back home that are not popular here. An example of a sport like that is cricket. Cricket is popular especially when the Zimbabwean cricket team competes with other teams. People love to go and watch the game, and it is always broadcast on television. People always watch cricket during the cricket season. Cricket is found in schools nowadays, depending on what kind of a school it is. The resources available determine if the school is able to have such sports. There are other sports that can be found, like the ones I have mentioned before, and even volleyball has a Zimbabwean team. Then there are other wealthy schools, such as private schools, and even other non-private schools such as Group A schools and Group B schools²—

¹ “here” refers to the United States of America

² Schools are grouped according to academic and living standards. Group A schools are usually expensive and have the best education standards and more opportunities for extracurricular activities.

nowadays it varies—they have sports like swimming, hockey, squash, tennis. Tennis is now popular in most schools, so I would say these are the popular sports in Zimbabwe, [the ones] that I have mentioned.

About CultureTalk: CultureTalk is produced by the Five College Center for the Study of World Languages and housed on the LangMedia Website. The project provides students of language and culture with samples of people talking about their lives in the languages they use every day. The participants in CultureTalk interviews and discussions are of many different ages and walks of life. They are free to express themselves as they wish. The ideas and opinions presented here are those of the participants. Inclusion in CultureTalk does not represent endorsement of these ideas or opinions by the Five College Center for the Study of World Languages, Five Colleges, Incorporated, or any of its member institutions: Amherst College, Hampshire College, Mount Holyoke College, Smith College and the University of Massachusetts at Amherst.

© 2013 Five College Center for the Study of World Languages and Five Colleges, Incorporated